USAID Pwoje dlo ak asenisman

Anons:	Apèl a moun ki interese
Nimewo posibilite finansman :	APS-2018-001
Dat Piblikasyon :	6 Sektanm 2018
Dat limit pou remèt dosye :	Kontinyèlman jiska 30 jen 2019
Dat fèmti :	30 jen 2019
Soumet dosye yo :	EAF@watsan-haiti.com

Apèl sa lanse, pou nou ka resevwa aplikasyon pou finansman. DAI Global LLC, nan kad kontra li siyen ak USAID, ap cheche bonjan lide pwojè nan men evantyèl patnè pou mete sou pye aktivite dirab ki kapab, oswa kreye nouvo sèvis ak pwodwi, oswa sipote sèvis ak pwodwi ki egziste deja nan zafè dlo ak asenisman.

Aktivite sa yo ap kontribye nan ranfòsman sekte dlo ak asenisman nan zòn tankou: Kap Ayisyen, Mibalè, Kwadèkoukè (Kanaran), Okay ak Jeremi. Lide kap nan dosye yo dwe sible sèvis oswa pwodwi nan komin nou site yo.

DAI prevwa bay plizyè kalite sibvansyon, nan kad apèl sa a. Konpetisyon pou apèl sa a ap rete louvri pandan yon lane. Aplikan ki enterese patisipe nan dezyèm seri evalyasyon yo dwe soumèt dosye yo pou pi ta 31 Oktòb 2018. Sinon DAI ka konsidere dosye sa yo nan yon lòt seri evalyasyon. Antite elijib ki enterese yo ap gen menm konsiderasyon.

Apel sa ke nou lanse a kapab dire yon lane. DAI kapab chwazi finanse dosye ki seleksyone yo totalman oswa pa moso. Kantite dosye ki seleksyone yo ak valè lajan ki disponib pou sibvansyon yo ka chanje sanzatann e DAI kapab deside pa bay okenn sibvansyon nan kad apèl sa a. **Pou resevwa dokiman konplè pou apèl sa a, ak tout egzijans nou mande yo, si nou gen kesyon, aplikan yo dwe voye yon imèl nan adrès elektwonik sa a: EAF@watsan-haiti.com**

Aplikan yo ka pwopoze plizyè inisyativ, pwojè pilòt, oubyen agrandi yon pwojè ki deja gen siksè. DAI swete ke gayan yo ouvè pou yo pataje rezilta evalyasyon ke yo jwenn, leson ke yo aprann, e pwopaje enfòmasyon ak rezilta sa yo detanzantan.

DAI ap chèche patnè ki kreyatif, inovan, efikas, ki byen konpwann kijan sektè prive ak piblik ka kolabore, patnè ki ka touche bezwen reyèl moun kap benefisye sèvis yo ak patnè ki gen kapasite pou ogmante sèvis oswa pwodwi ki dirab.

DAI pwal travay an kolaborasyon ak patnè potansyèl yo pou devlope biznis ak kapasite yo. Aplikan yo dwe demontre bon egzanp nan fason yo ka jere aspè kiltirèl ak politik nan peyi a ak komin ki konsène yo, pandan ke yap pwouve an menm tan ke yo ka atenn objektif ki ale nan menm sans ak devlòpman e kontra DAI.